# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–07 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखपुर में मदन मोहन मालवीय प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय–एमएमएमयूटी में एक्यानबे करोड़ रूपिया से बेसी कार्यन क लोकारपण–सिलान्यास कइले के सथहीं सिक्षकन–सोधार्थियन के पुरस्कारो दिहलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि कउनों प्रौद्योगिकी संस्थान अपने जिम्मेदारी के परिसरे ले सीमित नाही रखि सके ला। समाज अउर देसो बदे उनकर महत्वपूर्ण जिम्मेदारी होला। मुख्यमंत्री कहलें कि जब तकनीक मंहगा होई त आम लोगिन के पहुंच से दूर हो जाई। आजु जन सरोकार से जुड़ल बिसयन जइसे–आवास, पर्यावरण, स्वच्छता बदे सस्ता अउर टिकाऊ तकनीक समय क मांगि हौ। उहां के कहलीं कि ईज ऑफ लिविंग क लक्ष्य के पावे बदे हर मनई ले सस्ता अउर टिकाऊ तकनीक क पहुंच जरूरी हौ। सरकार तकनीकी क इस्तेमाल जन उपयोगी कार में कइलसि।

**पन्द्रह करोड़ लोगों को राशन की सुविधा मिल रही है कि नही मिल रही है। हमने फाइनसेट मशीन के माध्यम से एक एक हम आब्जर्व कर सकते हैं। इससे पहिले ये चीजे नही थी नहीं थे दो हजार सत्रह के पहिले जब मैने एक दिन में सभी अस्सी हजार फेयर प्राइज शॉप पर छापे मरवाये थे। आप आश्चर्य करेंगे कि मुझे तीस लाख फेक राशन कार्ड मिले थे।**

मुख्यमंत्री कहलें कि भारत दुनिया के अन्दर सिक्षा अउर तकनीकि में दुनिया क मार्गदरसन करे बदे एक बेर फरि आगे बढ़ि रहल हौ।

**आज भारत दुनिया की पांचवीं बड़ी अर्थव्यवस्था बन गया है और अगले दो वर्ष के अंदर, दो वर्ष के अंदर भारत दुनिया की तीसरी बड़ी अर्थव्यस्था बनने वाला है। यानि भारत तीसरी अर्थव्यव्स्था इसलिए बन रहा है क्योकि आज भारत की विकास की दर दुनिया के अंदर किसी भी अन्य देश की तुलना में सबसे बेहतर दिशा में आगे बढ़ रही है। हर एक क्षेत्र में भारत आज अपनी एक नई पहचान के साथ आगे बढ़ रहा है। आज दुनिया के सामने भारत अपने आप को साबित कर रहा है। हर भारतीय अपने आप को साबित कर रहा है। प्रधानमंत्री मोदी जी के नेतृत्व में पिछले दस वर्ष में बदले हुए भारत को हम सबने देखा है।**

**********

स्वास्थ्य अउर येहसे जुड़ल अच्छी आदतन के बारे में जागरूकता बढ़ावे बदे आजु दुनियाभर में विस्व स्वास्थ्य दिवस मनावल जा रहल हौ। विस्व स्वास्थ्य संगठन के हिसाबि से येह बरिस क विसय हौ स्वस्थ सुरूआत, आसापूर्ण भविष्य। येह विसय क उद्देश्य मातृ अउर नवजात मउति के रोकल अउर महिला लोगिन क दीर्घकालिक स्वास्थ्य आ कल्याण के प्राथमिकता दिहल हौ। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एक स्वस्थ विस्व क निर्माण बदे आपने प्रतिबद्धता क पुष्टि कइलें। अपने सनेसा में उहां के कहलीं कि सरकार स्वास्थ्य सेवा पर ध्यान केन्द्रित कइल जारी रक्खी अउर लोगिन के कल्याण क कई पहलुअन में निवेस करी। श्री मोदी ऐह बात पर जोर दिहलें कि अच्छा स्वास्थ हर संपन्न समाज क नीव हौ।

***आज आधुनिक दुनिया की जो लाइफस्टाइल है, जो नई–नई बीमारियां हम देख रहे हैं इसलिए आज निरोगी रहना जीवन के सफर का एक महत्वपूर्ण हिस्सा हो सकता है। हम भारतीय वसुधैव कुटुम्बकम और सर्वे सन्तु निरामया इस भावना से जीने वाले लोग हैं।***

आकाशवाणी समाचार के साथे एगो विसेस साक्षात्कार में स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण राज्यमंत्री अनुप्रिया पटेल स्वास्थ्य क्षेत्र में देस क सराहनीय उपलब्धियन पर प्रकास डरलीं। जेहमें मातृ अउर सीसु मृत्यु दर में उल्लेखनीय गिरावट सामिल हौ। उहां के सबसे स्वस्थ जीवन सैली अपनावे क भी अपीलि कइलीं।

**********

केन्द्र सरकार पेट्रोल अउर डीजल पर लगे वाली एक्साइज ड्यूटी में बढोत्तरी कइले हौ। अब पेट्रोल अउर डीजल पर दुइ–दुइ रूपिया प्रति लीटर अउरियो टैक्स लगी। हालांकि येह बढ़ल टैक्स क आम लोगिन पर कउनो असर नाही पड़ी। अबहिन देस में पेट्रोल पर एक्साइज ड्यूटी ओन्नईस रूपिया नब्बे पइसा अउर डीजल पर पनरह रूपिया अस्सी पइसा प्रति लीटर हौ।

**********

लखनऊ में आजु प्रथम अखिल भारतीय हैण्डबाल क्लस्टर प्रतियोगिता दुइ हजार चउबीस–पचीस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ उद्घाटन कइलें। पैंतीसवीं वाहिनी पीएसी में आयोजित हो रहल येह प्रतियोगिता में पुरूष अउर महिला दुन्नो श्रेणियन में मोकाबिला होई। प्रतियोगिता में ओन्तीस राज्यन से कुलि पचहत्तर टीमि हिस्सा ले रहलि हइनि, जेहमें सैंतीस टीमि हैण्डबाल क अउर अड़तीस टीमि बॉस्केटबाल क हइनि। प्रतियोगिता में कुलि एक सौ एकतीस मैच खेलल जाई।, जेहमें एकसठ हैण्डबाल क अउर सत्तर बॉस्केटबाल क मैच सामिल हौ।

**********

प्रदेस भर में गरमी अउर लुह क परकोप बढ़े लागल हौ। मौसम विभाग प्रदेस के पच्छिमी इलाकन में आठ अउर नौ अपरैल खातिर लुह चलले क एलो अलर्ट जारी कइले हौ। एकरे खातिर लोगिन के सावधानी बरतले क निरदेस दीहल गइल हौ। प्रदेस के पूरबी हिस्सा में मौसम सुस्क रहले क अनुमान हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से अगिला दुइ दिन ले तेज घाम अउर गरमी से राहति क ओम्मेद नाही हौ। रतियो क पारा बढ़ी।

**********